

Si Ou Pa Ka Viv nan Kay Ou Apre Siklòn Florida yo

Release Date: Oct 26, 2024

Asistans Deplasman FEMA ka ede pwopriyetè kay ak lokatè ki pa ka retounen lakay yo paske kay yo te domaje pa Siklòn Milton, Helene oswa Debby. Apre yon enspeksyon, yon moun ki aplike ka resevwa Asistans Deplasman, epi li ka kalifye pou resevwa Asistans Lwaye.

Asistans Deplasman

Asistans Deplasman se lajan pou ede w ak bezwen lojman imedya si w pa ka viv nan kay ou apre siklòn nan. Lajan sa a ta ka itilize pou rete nan yon otèl, kay yon zanmi oswa fanmi oswa lòt opsyon pandan w ap chèche yon kay tanporè.

Asistans Deplasman se yon peman yon sèl fwa. Si w fin itilize Asistans Deplasman w lan epi w toujou gen bezwen lojman, ou ka mande Asistans Lwaye nan men FEMA lè w rele FEMA nan **800-621-3362** oswa vizite [yon Sant Reyabilitasyon apre Katastwòf](#).

Asistans Lwaye

Asistans Lwaye ka ede pwopriyetè ak lokatè yo peye pou yon kote pou yo viv pandan reparasyon yo ap fèt oswa pandan y ap chèche yon kay pèmanan.

Premye peman Asistans Lwaye a ka kouvri jiska de mwa lwave. Apre premye peman an, moun ki aplike yo ka kontakte FEMA pou mande Asistans Lwaye Kontinyèl.

Fason pou Aplike

Ale sou entènèt nan [DisasterAssistance.gov](#), itilize [aplikasyon mobil FEMA a](#), vizite [yon Sant Reyabilitasyon apre Katastwòf](#) oswa rele nan 800-621-3362 nenpòt jou. Operatè ki pale plizyè lang disponib. Si w ap itilize yon sèvis relè, telefòn ki gen soutit oswa lòt sèvis, bay FEMA nimewo w pou sèvis sa a. Si w



FEMA

Page 1 of 2

chwazi aplike nan telefòn, tanpri nou swete w konprann tan atant yo ka pi long akoz volim apèl yo ki ogmante apre plizyè katastwòf ki sot pase yo.

Pou w ka jwenn dènye enfòmasyon sou reyabilitasyon apre Siklòn Milton nan, vizite fema.gov/disaster/4834. Pou Siklòn Helene nan, vizite fema.gov/disaster/4828. Pou Siklòn Debby a, vizite fema.gov/disaster/4806. Swiv FEMA sou X sou x.com/femaregion4 oswa sou Facebook sou facebook.com/fema.



FEMA

Page 2 of 2